

NeighborHealth

Règleman Asistans Finansye : Rezime nan Langaj Klè

NeighborHealth, bay tout pasyan swen medikal ki nesesè, kèlkeswa ras, koulè, reliyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, idantite seksyèl oswa ekspresyon, oswa kapasite pou peye. NeighborHealth ofri asistans finansye pou pasyan ki gen revni ki ba, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, ki demonstre bezwen ak enkapasite pou peye pou swen. NeighborHealth pral travay avèk pasyan yo pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansye epi ede yo aplike pou pwoteksyon anba Medicaid oswa lòt pwogram eta a, plan sante ki kalifye nan nivo federal, oswa sant Pwogram Rediksyon Frè sou Echèl ki Varyab.

Enfòmasyon sou règleman asistans finansye sant lan ak fason pou aplike pou asistans finansyè disponib pou tout pasyan yo an Anglè, Panyòl, Pòtigè, Arab akk Kreyòl Ayisyen. Entèprèt disponib pou ede pasyan yo ak aplikasyon yo nan lòt lang atravè sèvis entèprèt MassHealth nan 1-800-841-2900, oswa lè yo rele Konsèy Finansye pou Pasyan nan 617-568-4600 oswa vizite biwo ki nan 79 Paris St in East Boston, MA oswa 1601 Washington St in Boston, MA. Règleman Asistans Finansye NeighborHealth la disponib gratis sou demann ak sou entènèt pou telechaje nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>.

Kiyès ki kalifye?

Pasyan ki gen revni ki ba, ki pa gen asirans epi ki pa gen ase asirans ki bezwen swen medikal ki nesesè epi ki pa kapab peye pou sèvis yo ka aplike pou pwogram asistans finansye a. Kalifikasyon pou pwogram nan baze sou direktiv ki gen ladan revni yon moun nan kay la, gwochè fanmi an, bezwen medikal, ak eta rezidans. Fason yon pasyan kalifye pou asistans finansyè ap detèmine ki kalite pwogram li elijib pou li. Kèk pasyan ap kalifye pou pwogram ki pa egzije pèman pou sèvis yo, alòske lòt pasyan ki kalifye yo oblige fè yon peman pasyèl pou swen. Dapre pwogram rediksyon frè sou echèl ki varyab la, pasyan ki gen oswa ki pi ba pase 100% direktiv nivo povrete federal la (Federal Poverty Guidelines, FPG), kalifye pou swen gratis ak yon 100% raduyasyon pasyèl nan chaj yo. Moun ki abite Massachusetts yo ka aplike tou asistans dapre Medical Hardship, yon pwogram ki disponib atravè Health Safety Net eta sa a. Kèlkeswa kantite moun ki nan kay la ak revni yo, yon moun ka kalifye pou dikilte medikal si depans medikal akseptab yo pi wo pase yon pouvantaj etabli nan revni kay la. Pasyan yo detèmine pa kalifikasyon pou pwoteksyon dapre pwogram asistans finansye leta oswa federal yo pral evalye pou kalifikasyon dapre sant Pwogram Rediksyon frè sou echèl varyab la.

Kijan pou Aplike:

Enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye BMC, Pogram Rediksyon Frè sou echèl Varyab, ak Aplikasyon an disponib nan fason sa a:

- Kontakte Depatman Sèvis Pasyan nan (617) 568-4600 oswa vizite yon biwo, lendi jiska vandredi, ant 8AM ak 5PM, nan:
 - 79 Paris Street, East Boston, MA 02128; oswa
 - 1601 Washington Street, Boston, MA 02118
- Vizite sit entènèt sant lan nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>
- Fè yon demann alekri pou enfòmasyon sou pwogram ak enstriksyon aplikasyon pa lapòs nan:

NeighborHealth
Atansyon: Depatman Sèvis Pasyan
10 Gove Street
East Boston, MA 02128